



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 17 PWOJÈ ELIJIB POU PATISIPE NAN KONKOU NAN KAD PWOGRAM PRI POU TRANSPÒ PWÒP NEW YORK 85 MILYON DOLA

A

3 milyon dola nan sibvansyon ak sèvis ki bay ak ekip yo pou fè avanse solisyon ki redui polisyon lè, amelyore elektrifikasyon ak ogmante mobilite nan kominote defavorize yo

Li sipòte objektif nasyonal Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè pou yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè sè dis 2050

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 17 pwojè elijib pou patisipe nan konkou atravè pwogram [Pri pou Transpò Pwòp New York](#) 85 milyon dola a. Finansman pou pwojè sa yo te anonse nan kad ajanda 2022 Eta a pou fè avanse pwojè demonstrasyon ki ka repwodi pou transpò pwòp. Pwojè nan Premye Faz yo ki te seleksyone te jwenn plis pase 3 milyon dola nan sibvansyon ak sèvis pou fè avanse solisyon pou redui polisyon lè, amelyore elektrifikasyon ak ogmante opsyon mobilite nan kominote defavorize yo atravè Eta a. Pwogram sa a, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) administre, sipòte objektif nasyonal Eta New York la pou yon rediksyon 85% nan emisyon gaz a efè sè dis 2050 jan sa dekri nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a.

"Pandan New York kontinye pou swiv objektif nasyonal sou enèji pwòp ak klima li yo, nou dwe asire nou pa kite dèyè kominote nou yo ki abitye rete defavorize", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sektè transpò a se youn nan pi gwo sous polisyon an New York epi, twò souvan, Nouyòkè ki gen revni fèb yo ak kominote koulè yo oblije sipòte pwa konsekans yo. Sibvansyon sa yo pral eksplwate resous ki pi presye nan Eta nou an, entelijans Nouyòkè yo, pou asire yon tranzisyon jis ak ekitab nan yon avni ki net nan kabòn".

Nan dizèt pwojè yo te akòde yo nan Premye Faz la, sis pwojè te seleksyone nan [Defi Katie Pwòp](#) ak [Defi Mobilite Elektrik](#), epi senk te seleksyone nan [Defi Kamyon ak Bis Elektrik](#). Chak pwopozisyon pwojè pral resevwa yon pake pri jiska 200,000 dola ki gen ladan 100,000 dola sibvansyon planifikasyon pou plis devlopman pwopozisyon, jiska

50,000 dola nan finansman pou patnè kominotè yo epi jiska 50,000 dola kòm sipò an nati nan men ekspè teknik yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (NYSERDA) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Pwogram Pri pou Transpò Pwòp New York la se yon opòtinite pou envesti nan inovasyon ki kapab transfòme aksè nan zòn defavorize yo ak konstwi kominote ki pi an sante atravè Eta New York. Ekip ki seleksyone yo ak patnè kominotè yo ap pote pi bon teknoloji ak metòd yo ansanm avèk kontribisyon kominote a pou ogmante solisyon yo ki kapab repwodui nan nivo lokal ak nan monn lan pou redui emisyon ak konbat enpak chanjman klimatik".

Pwopozisyon pwojè yo akòde finansman nan Premye Faz la elijib pou patisipe nan konkou pou gran pri nan Dezyèm Faz la. Pwojè yo nan Premye Faz la gen ladan yo:

Defi Katye Pwòp - Jiskatwa gran pri 10 milyon dola pral bay atravè Dezyèm Faz la pou inovasyon pwojè ki abòde rediksyon polisyon lè sou gran echèl nan kominote defavorize yo.

Long Island:

- *Arena Transit Hubs for an Equitable, Inclusive, Low-carbon Future* (Sant transpò nan arèn pou yon avni ekitab, enklizif, kabòn fèb) ke XL Fleet dirije

Mid-Hudson:

- *Ulster Connect* (Ulster Konekte) ke Via Mobility dirije.

Mid-Hudson, North Country, Southern Tier, Lwès New York:

- *Accelerating Clean Communities With E-Bike Systems* (Akselere kominote pwòp yo avèk Sistèm Bisiklèt Elektwonik, ACCESS) ke ICF Incorporated dirije

Vil New York:

- *Clean Transit Access Program* (Pwogram Aksè nan Transpò Pwòp, CTAP) - *Electrifying NYC Dollar Vans* (Elektrifye Bis NYC yo) ke Dollaride dirije
- *The Bronx is Breathing: Reimagining a Cleaner Hunts Point* (Bronx ap respire: Reyimajine yon Hunts Point ki pi pwòp) ke Volvo Technology of America dirije

Lwès New York:

- *Centering People, Place and Policy for Buffalo's Clean Mobility Future* (Santre Popilasyon, Lokal ak Règleman pou Avni sou Mobilite Pwòp nan Buffalo) ke Biwo Lwès New York Kòporasyon Sipò pou Inisyativ Lokal (Local Initiatives Support Corporation, LISC) dirije

Defi Mobilite Elektrik - Jiska twa gran pri 7 milyon dola pral bay atravè Dezyèm Faz la pou pwojè yo ki demontre opsyon mobilite elektrik ki rezoud bezwen kominote defavorize yo.

Long Island:

- *Promoting Sustainable Transportation: Electric Micro-Shuttle Services in Long Island* (Ankouraje Transpò Dirab: Sèvis Mikwo-Transpò nan Long Island) ke Circuit Transit dirije

Mid-Hudson:

- *Bee-Line On Demand: Delivering Innovative Electric Mobility to Peekskill* (Bee-Line sou Demann: Founi mobilite elektrik inovatè nan Peeskill) ke Sustainable Westchester dirije
- *Project MOVER: Moving onto Vast E-Micro-mobility Replication* (Pwojè MOVER: Pase nan gwo repwodiksyon mobilite elektwonik ak mikwo) ke EIT InnoEnergy USA dirije

Vil New York:

- *Red Hook Recharge Zone* (Zòn Rechaj Red Hook) ke Revel Transit dirije
- *The Equitable Commute Project* (Pwojè Vwayaj Ekitab) ke Transportation Alternatives dirije

Southern Tier:

- *Tompkins County Transportation Equity & Access Project* (Pwojè sou Ekite ak Aksè nan Transpò nan Konte Tompkins) ke Tompkins Consolidated Area Transit dirije

Defi Kamyon ak Bis Elektrik - Jiska twa gran pri 8 milyon dola pral bay atravè Dezyèm Faz la pou pwojè yo ki demontre solisyon elektrifye oswa ranplasman veyikil elektrik mwayen ak lou.

Rejyon Kapital:

- *Relieving Congestion in Albany - Resilient and Repeatable School Bus Infrastructure* (Soulaje Blokis nan Albany - Enfrastrikti Bis Lekòl ki Rezistan ak Repwodiktib) ke NextEra Energy Resources dirije

Mid-Hudson, Vil New York:

- *Freight Electrification-as-a-Service for Transformation* (Elektrifikasyon Transpò kòm yon Sèvis pou Transfòmasyon, FEAST) ke CALSTART dirije

Vil New York:

- *Accelerating New York Fuel Cell Bus & Hydrogen Infrastructure Deployments* (Akselere Deplwaman Bis ak Pil a Konbistib ak Enfrastrikti Idwojèn) ke Krueger Transport dirije

- *Electrify the Empire State: Empowering Zero Emission Solutions* (Elektrifye Empire State: Ranfòse solisyon zewo emisyon) ke Gladstein Neandross & Associates dirije
- *Electrifying School Buses in the Bronx* (Elektrifye Bis Lekòl yo nan Bronx, ESBBB) ke New York City School Bus Umbrella Services dirije

Ekip pou pwojè ki seleksyone yo pral finalize pwopozisyon yo, epi ekspè global yo pral kontinye travay avèk Eta New York pou sipòte seleksyon gayan gran pri yo, ki ta dwe anonse nan fen ete 2022.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos, te deklare, "Sible emisyon nan sektè transpò a, espesyalman nan kominote ke polisyon machin ak kamyon yo te afekte yon fason ki pa pwoposyonèl, pral fè avanse efò yo pou atenn objektif anbisyè rediksyon gas efè sè yo pandan y ap pwoteje sante piblik la ak sove lavi tou. Pwogram Pri pou Transpò Pwòp New York la priyoreze investisman ki pral devlope solisyon dirab ak founi yo kote yo plis bezwen yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman dirab li nan konbat chanjman klimatik ak sipòte sante kominotè avèk solisyon inovatè tankou pwogram Pri pou Transpò Pwòp NYSERDA a".

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Finanse Pri pou Transpò Pwòp New York la te yon eleman enpòtan nan investisman Komisyon an nan elektrifikasyon transpò, asire ke kominote defavorize yo, ki sibi enpak kriz klimatik la, benefisye dirèkteman deplwaman pi bon solisyon transpò elektrik ke kominote ak inovatè yo idantifye".

Direktè Egzekitif Otorite Elektrik Long Island lan, Thomas Falcone, te deklare, "LIPA kontan finanse Pri pou Transpò Pwòp New York la nan Long Island epi nan Rockaways, sa gen ladan rekonpans yon gran pri jiska 10 milyon dola. Siksè lide inovatè sa yo pral redui emisyon kabòn yo ak elaji aksè nan transpò pwòp, elektrik pou lavni nan kominote defavorize nou yo".

Senatè Eta Keving Parker te deklare, "Pwogram Pri pou Transpò Pwòp la pral asire nou kreye yon anviwònman ki sekirite pou elektè nou yo k ap viv nan katye defavorize yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak NYSERDA dèske yo fè kominote defavorize yo tounen yon priyorete. Se yon etap nan bon direksyon an pandan n ap travay pou asire jistis anviwònmanal pou tout moun nan Eta a."

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Pwogram sa a aliyen konplètman avèk angajman New York pou kreye estanda transpò pi reflechi ak adapte ak anviwònman nan tout Eta a. Nan ankouraje konsèp vizyonè sa yo, n ap finalman investi nan solisyon kolaboratif ke kominote yo ki swaf wè chanjman sa a lakòz. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA dèske yo priyoreze pwojè sa yo, felisite gayan yo epi pa ka tann pou wè sa Dezyèm Faz la ap pote.

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Sektè transpò a responsab pou apeprè yon tyè nan tout emisyon yo nan Eta New York epi pou kapab atenn objektif rediksyon emisyon anbisyè nou yo, nou dwe kontinye angaje pou nou konstwi yon sektè transpò ki pi adapte ak anviwònman. Pwogram Pri pou Transpò Pwòp New York la se yon gwo zouti pou redui polisyon lè, amelyore elektrifikasyon, ak ogmante mobilite nan kad yon efò konsète nan tout Eta a pou konstwi sektè transpò lavni a".

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye montre sipò pou efò pou redui polisyon, amelyore elektrifikasyon ak devlope opsyon transpò ki pi adapte ak anviwònman. Ankouraje konpayi yo pou patisipe nan konkou ak ankouraje pwojè inovatè yo pèmèt Nouyòkè yo patisipe nan travay aktivman nan direksyon objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a".

Se NYSERDA nan patenarya avèk Depatman Sèvis Piblik Eta New York (New York State Department of Public Service, NYSDPS) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York ki administre Pri pou Transpò Pwòp New York la epi li finanse nan kad pwogram EV Make Ready (Preparasyon Veyikil Elektrik) 701 milyon dola Eta New York la. Epitou kòm patnè nan pwogram lan, Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) lan pral finanse jiskayon gran pri nan jiska 10 milyon dola nan Long Island.

Investisman 1 milya dola Eta New York nan elektrifye sektè transpò New York la enpòtan anpil pou gwo plan klimatik ak enèji pwòp Eta New York. Nan kad estrateji global li pou akselere inisyativ transpò pwòp yo, li ogmante aksè ak disponiblite pou veyikil elektrik yo ak transpò pwòp pandan l ap ogmante enfrastrikti ki nesèsè yo ki benefisye tout Nouyòkè yo, ki gen ladan moun ki gen revni ki ba oswa zòn ki defavorize yo, nan diminye emisyon kabòn pou kreye yon lè ki pi pwòp ak kominote ki pi an sante.

Pou aprann plis sou twa zòn konkou yo ak gayan Premye Faz la yo, vizite sitwèb [Pri pou Transpò Pwòp New York](#) la.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ektab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan

sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418